Contents

Njàlbéen ga . . . . . . . . . . . 1
Mucc ga . . . . . . . . . . . . . 52
Sarxalkat yi . . . . . . . . . . . 97
Màndiŋ ma . . . . . . . . . . . 129
Baamtug Yoon wi . . . . . . . 174
Ruut . . . . . . . . . . . . . . . 211
1.Samiyel . . . . . . . . . . . . 215
2.Samiyel . . . . . . . . . . . . 247
1.Buur ya . . . . . . . . . . . . 275
2.Buur ya . . . . . . . . . . . . 307
Esra . . . . . . . . . . . . . . . 338
Neyemi . . . . . . . . . . . . . . 349
Esteer . . . . . . . . . . . . . . 365
Ayóoba . . . . . . . . . . . . . . 373
Sabóor . . . . . . . . . . . . . . 401
Kàddu yu Xelu . . . . . . . . . 475
Kàdduy Waare . . . . . . . . . 502
Ngën-gi-woy . . . . . . . . . . 511
Esayi . . . . . . . . . . . . . . . 517
Yeremi . . . . . . . . . . . . . . 576
Jooytu . . . . . . . . . . . . . . 637
Esekiyel . . . . . . . . . . . . . 644
Dañeel . . . . . . . . . . . . . . 698
Ose . . . . . . . . . . . . . . . . 713
Yowel . . . . . . . . . . . . . . . 722
Amos . . . . . . . . . . . . . . . 726
Abdiyas . . . . . . . . . . . . . 734
Yunus . . . . . . . . . . . . . . 736
Mise . . . . . . . . . . . . . . . 738
Nawum . . . . . . . . . . . . . . 744
Abakug . . . . . . . . . . . . . . 747
Cefaña . . . . . . . . . . . . . . 750
Ase . . . . . . . . . . . . . . . . 753
Sàkkaryaa . . . . . . . . . . . . 756
Malasi . . . . . . . . . . . . . . 767
Luug . . . . . . . . . . . . . . . 771
Jëf ya . . . . . . . . . . . . . . 806
Room . . . . . . . . . . . . . . . 840
1.Korent . . . . . . . . . . . . . 856
2.Korent . . . . . . . . . . . . . 871
Galasi . . . . . . . . . . . . . . 881
Efes . . . . . . . . . . . . . . . . 887
Filib . . . . . . . . . . . . . . . 892
Kolos . . . . . . . . . . . . . . . 896
1.Tesalonig . . . . . . . . . . . 900
2.Tesalonig . . . . . . . . . . . 903
1.Timote . . . . . . . . . . . . . 905
2.Timote . . . . . . . . . . . . . 909
Tit . . . . . . . . . . . . . . . . 912
Filemon . . . . . . . . . . . . . 914
Yawut ya . . . . . . . . . . . . 915
Yanqóoba . . . . . . . . . . . . 927
1.Piyeer . . . . . . . . . . . . . 931
2.Piyeer . . . . . . . . . . . . . 936
Yudd . . . . . . . . . . . . . . . 939
Peeñu ma . . . . . . . . . . . . 941

# Njàlbéen ga
## di xaaj bi jëkk ci Tawreetu Musaa

## Ubbite gi

*Njàlbéen ga* mooy téere bi jëkk ci Tawreet. Yonent Yàlla Musaa moo bind Tawreet, juróomi téere yi jiitu ci Mbind mu sell mi.

Téereb *Njàlbéen ga* moo tënk ndoortel lépp lu Yàlla sàkk, muy asamaan ak suuf ak gàncax geek rab yi, ba ci nit; lépp di lu baax.

Téere bii nag wone na ni àddina mujj mel, ndax ñaawtéefi nit, yi law ba sunu jonni Yàllay tey. Gis nanu ci *Njàlbéen ga* ne ca Aadama ak Awa la nit dale déggadil Yàlla, di wuta moom boppam tey fippu, te loolu mooy bàkkaaram. Mu jural ko lu bon, jural ko coonob àddina bu tar, tey gëna tar, soreele kook Yàlla. Booba la dee tàmbali ci àddina. Nekkinu nit mujj na naqari lool, nekkinu suuf it noonu, wuuteek ba Yàlla di sàkk lépp, ba mu baax.

Nu gis ne *Njàlbéen ga* dafa lëkkloo ak mboolem yeneen wàll yi ci des, lépp di benn xibaar buy dégtal nit alkàndeem, gi sababoo ci bàkkaaram, te di ko xamal mbaaxu Yàlla ñeel képp kuy doom Aadama. Waaye xibaar la it buy yégle àtteb Yàlla, ñeel ñi xalab aw yiwam.

Pexe mi Yàlla lalal nit ngir texeem te misaaloon ko xaat ci *Njàlbéen ga* ci saar 3, aaya 15 (3.15), mu ngi sottee ci musalkat bi wara ñëw.

Téereb *Njàlbéen ga* nag làqul matadig nitoo nit, te yonenti Yàlla yi sax muccuñu ci bàkkaar. Looloo tax du kenn ci yonent yi ku manoona sottal li Yàlla tëralal doom Aadama, ngir mu mucc ci noteelu bàkkaar, mucc ci sànkute gi bàkkaar jur, ba jot ci yiwu Yàlla wi koy texeel.

Bu loolu weesee, téereb *Njàlbéen ga* leeral na ci saar 12, aaya 3 (12.3) ne, la Yàlla digoon Ibraayma, maami aji gëm ñi, dig ko doomam Isaaxa ak sëtam, Yanqóoba, moom Isaaxa ak askanam ñoo ko jëkkoona jagoo. Waaye dige la bu jaare ca ñoom, doon barke, ñeel xeeti àddina yépp.

Ibraayma wone na nu nit wara taxawe, ba jot ci digeb Yàlla. Ngëm gu dëggu ak kóolute gu wér ci Yàlla. Ngëm googu ak kóolute googu ci Yàllaak kàddoom moo mana tax nit ku nekk mana jot ci barke bi Yàlla dig Ibraayma, doonte kenn yelloowu ko.

Ci Tënk:

1:1-2:25 Lu jëm ci càkkuteefu asamaan ak suuf
3:1-3:24 Lu jëm ci bàkkaaru nit ak njeexitalam
4:1-8:22 Lu jëm ci askanu Kayin ak Set ba ca mbënn ma
9:1-11:9 Gannaaw mbënn ma ba ca taaxum Babel
11:10-50:26 Lu jëm ci Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba ba ci Yuusufa

### *Yàlla sàkk na àddina, fal ci nit*

1 Ca njàlbéen ga Yàlla sàkk na asamaan
ak suuf. 2 Suuf nag daa maase woon te
wéet, lëndëm muur ndox mu xóot mi,
lale ca kaw, Noowug Yàlla di wër, tiim
ndox mi.
3 Ba loolu amee Yàlla ne: «Na leer
nekk,» leer daldi am. 4 Yàlla gis ne leer
gi lu baax la, mu xàjjale leer ak lëndëm.
5 Yàlla tudde leer gi bëccëg, lëndëm gi
guddi. Ngoon jot, suba dugg, muy bés ba
jëkk.
6 Yàlla ne: «Na aw dénd dox diggante
ndox yi, ngir xàjjale leen, yii fii, yii fale.»
7 Yàlla nag sàkk dénd wi, xàjjalee ko ndox
yi féete dénd wi suuf ak yi ko féete kaw.
Mu daldi nekk noona. 8 Yàlla tudde dénd
wi asamaan. Ngoon jot, suba dugg, muy
bésub ñaareel ba.
9 Yàlla ne: «Na ndox, mi asamaan tiim,
gëndoo benn bérab, ba joor gu wow
feeñ.» Mu daldi nekk noona. 10 Yàlla
tudde joor gu wow gi suuf, ndox mi
gëndoo, mu tudde ko géej. Yàlla gis ne
baax na.
11 Yàlla ne: «Na suuf sax ñax, muy
gàncax gu ànd ak jiwoom, ak garab yuy
meññ tey jur seeni jiwu, lu ci nekk ak
wirgoom ci kaw suuf.» Mu daldi nekk
noona. 12 Suuf nag sax ñax, muy gàncax
gu ànd ak wirgoy jiwoom, ak garab yuy

# 31

*Lu jëm ci mujug Sóol*

[1] Ci biir loolu waa Filisti jaamarloo
ak Israyil, ba bànni Israyil won leen
gannaaw, daw, ñu bare daanu ca kaw
tundu Gilbowa. [2] Waa Filisti nag ne dann
Sóol aki doomam, ba rey ca ñett; Yonatan
ak Abinadab ak Malkisuwa. [3] Xare ba nag
gëna mettee fa Sóol féete, fittkat ya jekku
ko, mu jàq.

[4] Ba loolu amee Sóol ne gàddukatu
gànnaayam: «Boccil sa saamar, jam ma
bala yéefar yee dikk, jam ma, torxal
ma.» Gàddukatu gànnaayam nag buggu
koo jam ndax tiitaange lu réy. Sóol jël
saamaru boppam, daldi daaneel boppam
ca kaw ñawka ga. [5] Gàddukatu ngànnaay
ba gis ne Sóol dee na, moom it mu daaneel
boppam ca kaw saamaram, dee topp
Sóol. [6] Muy Sóol, di ñetti doomam, di
gàddukatu gànnaayam itam, di mboolem
ay nitam, ñoom ñépp a bokk dee bésub
keroog.

[7] Ci kaw loolu bànni Israyil, ya ca
wàllaa xur wa, ak ña ca wàllaa dexu
Yurdan gis ne xarekati Israyil daw nañu,
te Sóol aki doomam dee nañu. Ñu daldi
daw, gental seeni dëkk, waa Filisti dikk,
dëkke.

[8] Ca ëllëg sa, ba waa Filisti dikkee, di
futtisi ña dee, ca tundu Gilbowa lañu fekk
Sóol ak ñetti doomam, ñu tëdd. [9] Ñu dog
boppu Sóol, jël ay gànnaayam, ba noppi
yeble ca réewum Filisti ba mu daj, ngir
yégle ko ca seen këri tuur ya ak ca askan
wa. [10] Ba mu ko defee ñu denc gànnaayi
Sóol ca seen biir kër tuur ma ñuy wax
Astàrt, néewub Sóol, ñu wékk ca miiru
dëkk ba ñuy wax Bet San.

[11] Ba waa Yabes ga ca Galàdd déggee la
waa Filisti def Sóol, [12] seen jàmbaar yépp
a fabu, topp guddi ga gépp ba Bet San.
Ñu wékkee ca miiru Bet San néewu Sóol
ak néewi doomam yu góor, doora ñibbi
Yabes, boole fa néew ya, lakk. [13] Ñu for
nag seeni yax, suul ca ron garabu tamaris
ga ca Yabes. Ba loolu amee ñu woor diiru
juróom ñaari fan.

biir, janook néeg Yàlla ba. 10 Néegi wat-
tukati bunt ba féete penkub kër Yàlla ga,
ñett la wet gii, ñett wet gee, yépp tolloo,
te jën yi leen séq ñoo tolloo yaatuwaay.
11 Waa ja natt yaatuwaayu buntu
mbaar mi, bu ubbikoo, muy fukki xasab,
yaatuwaayu bunt bi di fukki xasab ak
ñett, boo ci boolee jën yi. 12 Fi janook
bunti néegi wattukat, yi bindoo juróom
benni xasab wet gu nekk, ab dëx a fa
tëdde xasab, talaayu dëx ba di xasab.
13 Mu natte mbaar ma ca xadd ba, dig-
gante miiru biiru benn néeg, ak miiru
biiru moroom, ma mu jàkkaarlool, muy
ñaar fukki xasab ab juróom. 14 Mu def
ñaari jëni mbaar mi§ juróom benn fukki
xasab, ëttu kër Aji Sax ji féete mbaaru
bunt bi wet gu nekk. 15 Diggante kanam
mbaaru bunt ba, ba fa dal-luwaayu
mbaar ma jeexe, juróom fukki xasab la.
16 Néegi wattukat yi ak seeni jën am nañu
ay palanteeri biir yu ànd aki caax, te wër
néeg yi ba dajal. Dal-luwaayu mbaaru
bunt bi itam am ay palanteeri biir yu wër
ba dajal. Jën wu ci nekk, ay nataali garabi
tàndarma lañu ñaas ca kawam.

*Natt nañu ëttu biti ba*

17 Waa ja yóbbu ma, ba ca ëttu biti ba.
Mu am fa ab dër bu dajal ëtt ba, fanweeri
néeg séq ko. 18 Dër ba daa wër mbaari
bunt yi waaye dëru ëttu biti bi nag moo
gëna suufe bu ëttu biir ba. 19 Waa ja natt
diggante mbaaru bunt ba féeteek ëttu
biti ba, ak mbaaru ëtt ba féete biir, muy
téeméeri xasab. Loola di wetu penku, mu
teg ca bëj-gànnaar.

*Natt nañu bunt ba féete bëj-gànnaar*

20 Mu natt guddaay ak yaatuwaayu
mbaaru bunt ba féete bëj-gànnaar, te
jëm ca ëttu biti ba. 21 Néegi wattukat
ya ñu tabaxaale mbaar ma di ñett genn
wet, ñett ca ga ca des. Dayoy jën yaak
dal-luwaayu mbaar ma, mook yu buntu
penku ba, ñoo bokk yem: guddaay ba
di juróom fukki xasab, yaatuwaay ba
di ñaar fukki xasab ak juróom. 22 Ay
palanteeram ak dal-luwaayam ak nataali
garabi tàndarmaam it, lépp a bokk ak
yu buntu penku ba dayo. Juróom ñaari
dëggastal ngay yéeg, janook dal-luwaayu
ba. 23 Niki buntu penku bi rekk, buntu
bëj-gànnaar ba daa janook bunt bay
jàllale ca ëttu biir ba. Mu natt diggante
ñaari bunt ya jàkkaarloo, am téeméeri
xasab.

*Natt nañu bunt ba féete bëj-saalum*

24 Mu yóbbu ma wetu bëj-saalum, ma
yem ci buntu bëj-saalum ba. Mu natt
ay jënam ak dal-luwaayu mbaaram, dayo
ya bokk ak yu bunt ya jiitu, di benn.
25 Foofu itam am na ay palanteer yu
wër dal-luwaayu mbaaru bunt ba ba mu
daj, nirook yu jëkk ya. Dayo yeet di
benn: juróom fukki xasab ci guddaay,
ñaar fukki xasab ak juróom ci yaatuwaay.
26 Juróom ñaari dëggastal ngay yéeg dal-
luwaay ba. Ay nataali garabi tàndarma
lañu ñaas ca kaw jën ya, wet gu nekk
genn. 27 Foofu it ëttu biir ba am na
bunt bu féete bëj-saalum. Waa ja
natt diggante ñaari bunti bëj-saalum yi
jàkkaarloo, am téeméeri xasab.

*Natt nañu bunt ya jëm ëttu biir ba*

28 Waa ja jaarale ma ca buntu bëj-
saalum ba, dugal ma ca ëttu biir ba. Mu
natt buntu bëj-saalum boobee, ay day-
oom di benn. 29 Néegi wattukatam yaak
jënam yaak biir dal-luwaayu mbaar ma,
lépp a bokk ak ya jiitu ay dayo. Mbaaru
bunt ba ak dal-luwaayam am ay palanteer
ba dajal, guddaayu mbaaru bunt ba di
juróom fukki xasab, yaatuwaay ba di
ñaar fukki xasab ak juróom. 30 Néeg
yu ndaw yi wër ëttu biir bi ba mu daj,
ñaar fukki xasab ak juróom la ci gud-
daay, juróom ci yaatuwaay. 31 Bunti dal-
luwaayi mbaar yaa ngay ubbikoo ca ëttu
biti ba, ñu rafetale jën ya ay nataali garabi
tàndarma. Juróom ñetti dëggastal lañu
cay dugge.
32 Waa ja jaare penku, dugal ma ca ëttu
biir ba. Mu natt buntu penku boobu,
dayo ya di benn. 33 Ay néegam aki jënam
ak biir dal-luwaay ba, lépp a bokk ak
ya ca des ay dayo, juróom fukki xasab
ci guddaay, ñaar fukki xasab ak juróom

§ **40:14** 40.14 jëni mbaar yooyu jën yenuwul dara, dañoo taxaw noonu rekk.

